

ENFEKSYON NEMOKOSIK

February 2015 | Page 1 of 3

Kisa ENFEKSYON NEMOKOSIK ye ?

Se yon bakteri (jèm) ki lakòz enfeksyon nemokosik ki bay pwoblèm nan poumoun (nemoni), san (bakteryemi), epi sou manbràn ki kouvri sèvo a (menenjit). Gen anpil chans pou enfeksyon an kòmanse nan sezon livè ak prentan, men gen moun ki ka trape nenpòt lè. Senptòm pi komen yo se frison, fyèv, doulè nan pwatrin, souf kout, ak gwo tous. Gen kèk moun ki vomi oubyen ki gen kriz malkadi. Enfeksyon nemokosik touye plizyè mil granmoun chak lane isit nan peyi Etazini.

Kijan enfeksyon nemokosik pwopaje ?

Jèm la pwopaje swa nan kontak ak moun ki soufri enfeksyon nemokosik oswa nan kontak ak moun ki gen jèm la nan gòj yo. Jèm ki lakòz maladi a ka rete nan nen ak gòj anpil timoun ak adilt ki gen bon sante san ke yo pa malad.

Kilès ki ka gen ENFEKSYON NEMOKOSIK ?

Nenpòt moun ka gen enfeksyon nemokosik ? Moun ki gen pi plis chans pou yo trape li se jèn timoun, granmoun ki gen omwen 65 an, moun nan nenpòt laj ki gen kèk maladi kwonik, ak moun ki gen sistèm iminitè febli.

Èske enfeksyon nemokosik danjre ?

Wi. Li ka danjre. Enfeksyon nemokosik se youn nan maladi ki touye men ke n ka anpeche nan peyi isit la si moun pran vaksen pou anpeche gen enfeksyon an. Gen, chak lane, plizyè mil moun ki bezwen tretman lopital e gen jis 5,500 moun ki mouri poutèt enfeksyon nemokosik. Enfeksyon nemokosik lakòz pi plis pase yon tyè maladi nemonik adilt genyen. Se limenm tou ki pi plis lakòz nemoni, enfeksyon san ak enfeksyon nan zòrèy pou timoun.

Ki tretman pou syiv pou enfeksyon nemokosik ?

Tretman nemokosik fèt ak antibyotik. Gen kèk kote kote yon tyè nan enfeksyon nemokosik yo gen rezistans ak antibyotik, kidonk tretman ka pi difisil. Moun ki gen gwo enfeksyon nemokosik ka gen pou resevwa tretman nan lopital, epi pafwa nan depatman swen entansif.

Èske li posib pou anpeche gen enfeksyon nemokosik ?

Wi. Gen de kalite vaksen pou anpeche enfeksyon an. Vaksen polisakarid nemokosik (PPV23) pwoteje kont tout 23 kalite nemokosik ki gen plis chans pou yo fè gran timoun ak adilt malad, men vaksen an otorize pou moun ki gen omwen laj 2 an. Vaksen konjige nemokosik (PCV7) pwoteje kont tout 7 kalite bakteri nemokosik ki gen plis chans pou yo bay jèn timoun enfeksyon, e vaksen an otorize ni pou tibebe ni pou timoun ki poko gen laj 5 an.



Ki moun ki pou resevwa yon vaksen nemokosik (ppv23) ?

Gen plizyè rezon pouki yon moun ka gen plis chans pou yo trape enfeksyon nemokosik e kidonk resevwa vaksen nemokosik. Adilt dwe pale ak doktè kap syiv yo se pou wè ki vaksen yo bezwen, sitou si adilt lan gen ant laj 50 ak 65 an.

PPV23 rekòmande pou :

- **Tout moun ki gen laj 65 an oswa ki pi gran.**
- **Moun ki rete nan nursing home oubyen nan lòt lopital ki ofri swen pwolonje.**

Moun ki gen ant laj 2 – 64 an epi ki gen maladi sa yo :

- Pwoblèm kè oubyen poumon ki kwonik, dyabèt, pwoblèm fwa, enplantasyon koleè nan zorèy oubyen pèt likid serafolachidyen.
- Sistèm iminitè febli, poutèt maladi tankou deparasitoz, wete chenn do, mank ren, kansè, transplantasyon ògàn, medikaman ki febli sistèm iminitè, ak enfeksyon VIH ak SIDA. **Pifò moun pa bezwen plis pase yon grenn dòz vaksen nemokosik (PPV23) a. Si w gen omwen laj 65 an oubyen si w gen yon pwoblèm medikal kwonik, se pou w pale ak doktè oubyen enfimyè a pou w wè si w ta bezwen yon piki rapè. Pa bliye se pou w kenbe dosye sou tout vaksen ou pran pou w ka konnen ki lè wap bezwen yon lòt.**

Ki moun ki bezwen yon vaksen konjige (pcv7) ?

Tout timoun ki gen laj ant 6 semèn ak 23 mwa

Timoun ki gen ant 2 a 5 an epi ki souffri:

- Pwoblèm kè oubyen poumon ki kwonik, dyabèt, pwoblèm fwa, enplantasyon koleè nan zorèy oubyen pèt likid serafolachidyen.
- Sistèm iminitè febli, poutèt deparasitoz, wete chenn do, mank ren, kansè, transplantasyon ògàn, medikaman ki febli sistèm iminitè, ak enfeksyon VIH ak SIDA.

Timoun ki gen bon sante epi ki nan laj 24 - 59 mwa men ki poko resevwa tout dòz vaksen PCV27 la fèt pou yo resevwa yon dòz oubyen plis. Mande doktè a si pitit ou gen pou li pran yon lòt dòz nan vaksen sa a.

Ki avantaj ki gen nan vaksen nemokosik la ?

Tout vaksen ka bay moun efè segondè. Gen kèk moun ki pran vaksen nemokosik e ki pa twòp anfle epi pa gen twòp doulè nan bra kote yo ba li piki a. Sa pa dire plis pase 2 jou. Gen kèk timoun ki ka gen yon fyèv pandan detwa jou aprè yo pran PCV7. Lòt efè segondè, tankou doulè misk, ak gwo efè segondè, tankou alèji pa bagay ki rive fasil. Nou ka bay PPV23 ak PCV7 menm lè ak tout lòt vaksen, men pinga bay yo nan menm lè.



Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon ?

- Nan men doktè, enfimye oubyen klinik la, oubyen depatman sante piblik lokal la (wap jwenn li make nan anyè telefòn lan nan seksyon biwo gouvènmantal yo).

- Depatman Sante Piblik nan Leta Massachusetts, pwogram vaksinasyon (617) 983/6800 oubyen rele gratis nan

(888) -658-2850, oubyen sou sit entènèt MDPH nan www.mass.gov/dph/.

Biwo Rejyon Nòdès Tewksbury (978) 851-7261

Biwo Rejyon Sant West Boylston (508) 792-7880

Biwo Rejyon Sidès Taunton (508) 977-3709

Biwo Rejyon Metro/Boston* Jamaica Plain (617) 983-6860

Biwo Rejyon Wès Amherst (413) 545-6600

*Epi doktè ak moun ki rete nan Boston ka rele Òganis Sante Piblik nan Boston nan (617) 534-5611.

- **Nimewo Telefòn pou Enfòmasyon sou Vaksen Nasyonal CDC**

CDC-INFO 1-800-CDC-INFO (800-232-4636) 1-888-232-6348 TTY 24 sou 24

Adrès imel : cdcinfo@cdc.gov

